**Гулдинарг – Салман Насыф Дахьдухь**
**Гочдинарг – Хатаев Хизрин Руслан**

# Делан Элчано
# (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хоьтту, асхьаба (Дела реза хуьлийла цунна) жоп ло

**Рецензент – С.Р. Магамедов**

Гуьмсе 2010

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) спрашивает, его сподвижник (да будет доволен им Аллах) отвечает. 2010. – 64 с.

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу АллахIна, Iаламийн Дела Волчу. Цуьнан къинхетам а, Цуьнгара маршалла а хуьлийла хьехархо хилла веанчу Цуьнан Элчанна а, Элчанан асхьабашна а.

Хьалхара жайна санна (иза дара – «Асхьаба (Дела реза хуьлийла цунна) хоьтту, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп ло» цIе ерг), пайден хир ду аьлла хета хIара жайна. Цу жайни чохь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоьпаш ло асхьабан хеттаршна. И жоьпаш шарIан хадаме хьукма ду.

ХIокху шолгIачу жайни чохь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп ца луш ца витина асхьаб, оцу жоьпах массо а нахана некъ а, шарI а хилийтархьама. Масала, хьалхарчу жайни чохь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабна жоп делира, **«АллахI ирс оьцур долуш ву лаьттах а, цу тIехь мел долчух а»**, – аьлла.

Цунах терра ду Iимран бин Хьусойн аль-ХузаIийн (Дела реза хуьлийла цунна) хьадисехь деанарг. Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гира, жамIатехь ламаз ца деш, юьстахваьлла Iаш цхьа стаг. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьллера: **«ХIай хьенех, нахана юкъахь ахь ламаз ца дар хIун ду?»** ТIаккха оцу стага жоп делира: **«ХIай Делан Элча, лийчар, фарз хилла, тIедоьжна суна, лийча хи а дац».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ЦIеначу латтица тема де, цо кхачо йийр ю хьуна».**

Асхьабна жоп а ца луш, Дела Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) IадIийнехь, фарз хилла лийчар тIедеанчунна (хи дацахь) ламаз дар тIехь дац, аьлла, цунах хьукма хир дара, фарз хилла лийчар тIе а деана, хи ца карийначунна. Иза ду тема дар. Иза ду массо а нахана хьукма (къематде тIедаллалц).

Кхин цхьа масал а далор ду вай. Иза бусалба нехан нана йолчу, Аль-Хьарисан йоIан Джувайриятан (Дела реза хуьлийла цунна) хьадис ду. Джувайрията (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, рузбанан дийнахь, ша марха а лаьцна, и кхобуш а йолуш, ша йолчу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) веара, аьлла. Цо хаьттира: **«Селхана кхаьбний ахьа марха?»** Цо жоп делира: **«ХIан-хIа».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТIаккха хьайн марха дохаде».** *Бухари.*

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхачо ца йина Джувайриятан (Дела реза хуьлийла цунна) жоьпах, бакъду, цуо билгалдина, деккъа цхьана рузбанан дийнахь марха кхабар карахIат хилар.

АллахIе доьху аса, нийса дерг дагадаийтар, нийсонна тIехь нисдар а, (гIалат девллехь а) вай бехке ца дар, Ша вайна Iамийначух вайна пайда бар а, Ша вайна Iамийначуьнца Цо вайга Iамал яйтар а. АллахI ву нийсачу новкъа лай воккхуш верг.

Салман Насыф Дахьдухь

**Хьалхара дакъа**

**Ийман а, Ислам а**

**АллахIан Къуръанна а, Цуьнан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **суннатна а тIаьхьавазар хаздар**

**Хаттар:** Аша тоьшалла ца до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла, со Делан Элча ву аьлла?

**Жоп:** Абу Шурайхьа аль-ХузаIис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Тхуна тIевеара Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цо элира: **«Аша тоьшалла ца до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла а, со Делан Элча ву аьлла а?»** Цара элира: **«ХIаъ, до».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, хIокху Къуръанан цхьа йист АллахIехь ю, цуьнан шолгIа йист шуьгахь ю, цунах тасало. Баккъалла а, шу туьлур дац, цул тIаьхьа шу цкъа а хIаллак хир дац».** *ТIабарани «Аль-Кабийр» цIе йолчу жайни чохь.*

МутIIиман кIанта Джубайрас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Тхо Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьаьна дара, тIаккха цо хаьттира: **«Аша тоьшалла ца до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла а, со Делан Элча ву аьлла а?»** Оха элира: **«ХIаъ, до».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Кхаъ бу шуна. Баккъалла а, хIокху Къуръанан цхьа йист АллахIехь ю, цунах тасало шу, баккъалла а, шу хIаллак хир дац, цул тIаьхьа шу цкъа а туьлур дац».** *Баззар, ТIабарани.*

**Пайда:** Баккъалла а, Къуръан ду, лена а, цуьнан Далла а юккъехь. Веза-Сийлахьчу АллахIа диканца омра деш долу Къуръан доссийна, Шен лайна диканиг дар тIедожош а, Шен къинхетамна кIел иза валош а долу. АллахIа Шен Къуръанца Iамалъяр тIедуьллу, иза доьшучунна мела хилийтархьама.

ЦIеначу ойланца АллахIан дуьхьа Къуръан дешначунна паргIатоно IиндагI до, АллахIа Iалаш а во иза. Бусалба нехан декхар ду цуьнан маьIнийн ойла яр, цуьнан омранех кхета гIортар а, цуьнан нуьрех серло лахар а – галвалар а, тилар а шена гена далийтархьама. Оцу Къуръан чохь ду хьукма а, нийсонна тIенисвийриг а, бакъоне кхойкхург а, уггар хаза гIиллакхаш а.

## Ийманан уггар чIогIа уьйр

**Хаттар:** Ийманан уггар чIогIа уьйр муьлха ю?

**Жоп:** Iазибан кIанта (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Тхо дара Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уллохь хийшина Iаш. Цо элира: **«Исламан уггаре чIогIа уьйр муьлха ю?»** Цара элира: **«Ламаз ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дика ду, цул тIаьхьа муьлха ю?»** Цара элира: **«Рамадан** (мархин) **бутт кхабар ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дика ду, цул тIаьхьа хIун ду?»** Цара элира: **«ГIазот ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дика ду, цул тIаьхьа хIун ду?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ша жоп делира: **«Ийманан уггар чIогIа уьйр – иза хьуна АллахIан дуьхьа цхьа лай везар ду** (иза ийман чохь хилар бахьана долуш)**, Цуьнан дуьхьа хьуна иза цавезар а ду** (иза Iеса хилар бахьана долуш)**».** *Ахьмад, БайхIакъи, ТIабарани.*

**Пайда:** Баккъалла а, адамна даима лаьтташ долу дика хуьлуьйтучу хIуманех а, Исламца йолу уьйр чIагIъечу а, билггала, кхоччуш ийман совдоккхучу хазачу Iамалех а ду ламаззий, мархий, дин толош гIазот дарий. Ийманан уггар чIогIа уьйр ю АллахIан дуьхьа лена цхьа стаг везар а, АллахIан дуьхьа иза цавезар а.

## Ислам а, Ийман а билгалдар

**Хаттар:** ХIай Iумар, хьуна хаьий, хоьттург мила ву?

**Жоп:** ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьаьна дийнахь тхо Делан Элча волчохь (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хевшина Iаш долуш, тхуна тIевеара цхьа стаг, шена тIеюьйхина шарула-кIайн бедарш а йолуш, кIарула-Iаьржа месаш йолуш, шена тIехь цхьа а некъ баран гуш лар а йоцуш, я тхуна цхьанне а ша вевзаш а воцуш. Вахана Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) улло охьахиира иза, шен ши гола цуьнан шина голанах хоьттира цо, шен ши куьг а

диллира цо шен вареш тIе. Цо элира: «ХIай Мухьаммад, Исламах лаций дийцахьа суна». ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ислам – иза ахьа АллахI воцург кхин дела вац аьлла, Мухьаммад - Цуьнан Элча ву аьлла тоьшалла дар ду, ахьа ламаз дар, закат далар, Рамадан бутт кхабар, ХьаьжцIа вахар а ду - хьайн цига некъ бан ницкъ кхачахь».** Стага элира: **«Нийса боху ахьа».** Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) боху: **«Тхо цунах чIогIа цецдевлира, цуьнга хоьттуш а ву, и бакъвеш а ма ву хIара аьлла».**

ТIаккха оцу стага элира: **«ХIинца Ийманах лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьо АллахIах, Цуьнан маликех, Цуьнан жайнех, Цуьнан элчанех, къематдийнах а тешар ду, иштта хила яздинчух, цуьнан диканаххий, вонаххий а хьо тешар ду».** Стага элира: **«Нийса боху ахьа».**

ТIаккха цу стага элира: **«ХIинца Ихьсанах лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахьа АллахIна Iибадат дар ду, хьайна Иза гуш волуш санна; хьуна Иза гуш цахиларх, Цунна хьо гуш ву».**

ТIаккха стага элира: **«Къематдийнах лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хаттарна жоп дала дезарг ма вац хаттар дечул а дика хууш** (къематдийнах лаьцна жоп даларехь)**».** Стага элира: **«ТIаккха цуьнан билгалонех лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Нанас шена эла яр ду; когашIуьйра, берзана, миска жаIуй хьуна гар ду, лекха гIишлош ярехь къийсалуш».**

Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Цул тIаьхьа и стаг дIавахара. Со вехха лаьттира». Цул тIаьхьа Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«ХIай Iумар, и хеттарш динарг мила ву хиирий хьуна?»** Аса жоп делира: **«АллахIна, Цуьнан Элчанна а дика хаьа иза».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «**Баккъалла а, иза Джабраил дара, шуна шун дин хьеха деана».** *Муслим.*

Кхечу хьадисехь совдаьккхина ду: **«АллахIна бен хаа йиш йоцчу пхеа билгалонан хьокъехь»**, – аьлла. Цул тIаьхьа Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийшира хIара аят: **«Баккъалла а, АллахIехь ду къематдийнах дерг хаар».** Цул тIаьхьа (иза дIавахча) цо элира: **«Юхаверзаве иза».** ТIаккха царна хIумма а ца гира. Делан Элчано (Делера

салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза Джабраил дара, нахана церан дин Iамо деана».**

**Пайда:** Джабраил-малик деанера Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, стеган куьцехь а долуш. Иза охьахиънера Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) улло, Исламах а, Ийманах а, Ихьсанах а, къематдийнах а, цуьнан билгалонех а лаьцна цуьнга хеттарш а деш. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара жоп луш. Иза деш дара асхьабашна (Дела реза хуьлийла царна) хазийтархьама а, цу новкъа шайн динан белхаш царна Iамадан а.

## Динан дозаллах

**Хаттар:** ХIай МуIаз, хьуна хаьий, лешна тIехь долу АллахIан хьакъ хIун ду, АллахIна тIехь долу лейн хьакъ хIун ду а?

**Жоп:** Жабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина аьлла: «Со вара Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIехьа, Iуфайра цIе йолу вирана тIехиъна. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIай МуIаз, хьуна хаьий, лешна тIехь долу АллахIан хьакъ хIун ду, АллахIна тIехь долу лейн хьакъ хIун ду а?»** Аса элира: **«АллахIна а, Цуьнан Элчанна а дика хаьа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, лешна тIехь долу АллахIан хьакъ ду, цара АллахIна лолла дар, цара Цунна цхьанне а хIуманах декъахо ца вар а. АллахIна тIехь долу лен хьакъ ду, Шена цхьанне а хIуманах декъахо ца вечунна Iазап ца дар».** Аса хьаьттира: **«ХIай Делан Элча, тIаккха нахе кхаъ баккхий аса?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахьа цаьрга кхаъ ма баккха, Iамал ца еш, паргIатбевлла Iийр бу уьш».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалди: лешна тIехь долу АллахIан хьакъ – цара Иза цхьаъ вар ду; шайн меттанашца а, шайн дегнашца а и шиъ цхьаьна хила дезаш а ду. АллахIна тIехь долу лен хьакъ – Цо царна Iазап ца дар ду, цара Цунна цхьанне а хIуманах декъахо ца вахь. Цуьнгара Комаьршо бахьанехь ду иза, Цунна тIехь важиб долуш дац.

## Iамалъеш, барамал сов ца вийлар

**Хаттар:** Суна хезнарг бакъ дуй, ахьа сахиллалц тахIажжуд ламазаш а до, хIора дийнахь марханаш а кхобу, бохуш?

**Жоп:** Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) соьга элира: **«Суна хезнарг бакъ дуй, ахьа сахиллалц тахIажжуд ламазаш а до, массо дийнахь марханаш а кхобу, бохуш?»** Аса элира: **«Аса иза до».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахьа иза дича, хьан бIаьрг а гIелло, хьан дегI а кIадло. Баккъалла а, хьан дегIан а ду хьакъ, хьан доьзалан а ду хьакъ. Цхьана дийнахь марха кхаба, шолгIачу дийнахь даста** (ма кхаба)**, тахIажжуд а де, наб а е».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бусалба стаге боху, лолла деш юккъерчу барамехь хила. Иза ду, цхьана деношкахь марха кхабар, кхечу деношкахь дастар (цакхабар), буьйсанан цхьа дакъа ламаз деш яккхар, йисинчу хенахь, наб а еш, садаIар. Цуьнан ши бIаьрг гIел ца балийта, дегI а гIел ца далийта, лолла дан иза кIад ца валийта, цунна кIорда а ца дайта; тIейогIучу хенахь лолла дан аьтто боцуш ца вита, цуьнан мелах а, йолах а ца ваккха а ду иза. Бахьана: адамо шен дегIана дIадала дезаш ду паргIатонан хьакъ. Бусалба стеган хIусамненан а ду цо дIадала дезаш хьакъ – напха далар а, майрачунна а, зудчунна а юккъехь хила езаш йолу бакъонаш а; иза ду хIусамнана хьарамчух (зинах) Iалашъялийта.

## Ийман долчу нахаца гергарло лелор

**Хаттар:** Шу реза хир дарий, ялсаманин охIланех доьалгIа дакъа хиларна?

**Жоп:** МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Тхо дара Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) четарна кIелахь». ТIаккха цо элира: **«Шу реза хир дарий, ялсаманин охIланех доьалгIа дакъа шу хиларна?»** Оха элира: **«ХIаъ, дара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шу реза хир дарий ялсаманин охIланех кхоалгIа дакъа шу хиларна?»** Оха элира: **«ХIаъ, дара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шу реза хир дарий ялсаманин охIланех ах шу хиларна?»** Оха элира: **«ХIаъ, дара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Мухьаммадан са карахь долчу АллахIах дуй буу аса, со ма ву ялсаманин охIланех ах шун хиларе сатесна, хIунда аьлча ялсамане гIур волуш ма вац бусалба са доцург цхьа а. АллахIна декъахо**

**виначаьрца дуьстича, шу ма дац Іаьржачу стеран цІокана тІехь болу кІайн чо санна я цІечу стеран цІокана тІехь болу кІайн чо санна бен».** *Бухари.*

**Пайда:** Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сатуьйсуш ву, ялсаманин охІланашха ах шена тІаьхьахІиттинарш хиларе. Цо билгалдо Исламан охІланаш кІезиг хилар; АллахІна декъахо вечарца буьстича, бусалбанаш цу дийнахь хир бу, Іаьржачу стеран цІокана тІехь болу кІайн чо санна кІезиг.

**ШолгІа дакъа**

**Іилманан хьокъехь**

**Іилманан лар лаьттар ю даима** (цкъа а дІа а ца йолуш)

**Хаттар:** Хьуна хоийла…

**Жоп:** Хьарисан кІанте Билале (Дела реза хуьлийла цунна) Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьуна хоийла».** Билала (Дела реза хуьлийла цунна) хаьттира: **«ХІун ду суна хаа дезарг, хІай Делан Элча?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Со дІакхелхинчул тІаьхьа юкъара дІадаьккхина долу сан суннат дендиначунна бу, цу суннатца Іамал йинчу стагана боллу мела, церан мелана тІера хІумма эша а ца деш. АллахІ а, Цуьнан Элча а резавийр воцу тилла бидІат** (керла Іибадат) **юкъадаьккхинчунна а ду, цуьнца Іамал мел йиначунна доллу къа, нехан къинойх хІумма а эша ца деш».** *Тирмизи.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдо, шен суннат дендарна АллахІна гергахь боккха мела хилар. И санна, тилла бидІат юкъадаьккхинчунна а ду Іазап а, таІзар а. Юкъара дІа а даьлла, бусалба наха Іаддитина долу суннат дендинчунна бу, къематаде тІекхаччалц цуьнца Іамал йинчунна боллу мела, церан мелах хІумма а эшор доцуш. Амма Веза-Сийлахь волу АллахІ а, Цуьнан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) резавийр воцу тилла бидІат юкъадаьккхинчунна ду, къематаде тІекхаччалц цуьнца Іамал мел йинчунна доллу къа, церан къинойх хІумма а цо эшор а доцуш.

**Іилма лаха дІасавахар** (аравалар)

**Хаттар:** ХІай Къубайсат, хьо вар бахьана хІун ду?

**Жоп:** Мухарикъан кӀанта Къубайсата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Со вахара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу. ТӀаккха цо хьаьттира: **«ХӀай Къубайсат, хьо вар бахьана хӀун ду?»** Аса элира: **«Къанвелла со, даьӀахк юткъъелла сан, цундела хьо волчу веана со, АллахӀа суна пайда бен дерг хьоьга сайна Ӏамадайта».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХӀай Къубайсат, цхьана а тӀулгана, я диттана, я чохь са долчу хӀуманна уллохула ваьлла схьа ца веана хьо, цара АллахӀе хьуна гечдар дехна а бен. ХӀай Къубайсат, Ӏуьйрана ламаз дича, ахьа кхузза алалахь: «СубхьáналлóхӀиль-Ӏазы́м ва бихьамдихӀи** (Сийлахь волу АллахӀ цӀанво аса, Цунна хастам барца)**». Хьо хьалхавер ву бӀаьрзе хиларх а, проказа олучу цамгарх а, меже сацарх а** (паралич)**. ХӀай Къубайсат, ахьа ала: «Аллóхӏумма инни́ асъалука миммá Ӏиндака, ва афид Ӏалаййа мин фадлика, ваншур Ӏалаййа мин рохьматика, ва анзил Ӏалаййа мин барокáтика** (Я АллахӀ, аса Хьоьга доьху рицкъа, суна тӀейоттахьа Хьан комаьршо, сох бехьа Хьайн къинхетам, соьга доссадехьа Хьайн беркаташ)**».** *Ахьмад.*

**Пайда:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, Ӏуьйра ламазал тӀаьхьа кхузза **«СубхьáналлóхӀиль-Ӏазы́м ва бихьамдихӀи»** аларан дозалла, **«Аллóхӏумма инни́ асъалука миммá Ӏиндака, ва афид Ӏалаййа мин фадлика, ваншур Ӏалаййа мин рохьматика, ва анзил Ӏалаййа мин барокáтика»**, – боху доӀа даима дар а.

## КхоалгӀа дакъа

## ЦӀеналла

## Оьшу меттехь тема дар

**Хаттар:** ХӀай хьенех, ахьа нахаца жамӀатехь ламаз ца дар бахьана хӀун ду?

**Жоп:** Ӏимран бин Хьусойн аль-ХузаӀис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гира, нахаца жамӀатехь ламаз а ца деш, юьстаха Ӏаш цхьа стаг. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьаьттира: **«ХӀай хьенех, ахьа нахаца жамӀатехь ламаз ца дар бахьана хӀун ду?»** Оцу стага жоп делира: **«ХӀай Делан Элча, лийчар** (фарз хилла) **тӀедеана суна, я лийча хи а дац».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ЦӀеначу лаьттица тема дан деза ахьа. Иза тоьар ду хьуна».** *Бухари.*

**Пайда:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, девзаш долчу теманан кепо ламаз дан хьанал хиларна а, мегаш хиларна а кхачоеш хилар.

### Ламаз оьцучу хенахь меженаш дозанал тIех йилар

**Хаттар:** Соьга ца хотту аша, хьо хIунда воьлу? – аьлла.

**Жоп:** Iаффанан кIанта Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна), хи схьада, элира. ТIаккха ламаз ийцира цо, цул тIаьхьа велавелира иза. Цо элира шен накъосташка: **«Соьга ца хотту аша, хьо хIунда воьлу?** – аьлла. Цара хьаьттира: **«Хьо хIунда воьлу, хIай муъмин нехан амир** (паччахь)**?»** Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Суна гина, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **аса ма эццара ламаз оьцуш. Цул тIаьхьа велавелира иза. ТIаккха Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «Соьга ца хотту аша, хьо хIунда воьлу?»** Цара хьаьттира: **«ХIай Делан Элча, хьо хIунда воьлу?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, Делан лено ламаз эцча, хи а дехна шен юьхь а йилча, АллахIа** (и бахьана долуш) **дIадоккху цуьнан юьхьо мел латийна къа. Цо шен ши пхьарс билча а хуьлу иштта. Цо шен ши ког билча а хуьлу иштта».** Цуьнан хьокъехь Баззара тIетоьхна: **«Цо шен коьртах тIадийна куьг хьаькхча а хуьлу иштта».** *Ахьмад, Баззар.*

**Пайда:** Ламаз оьцу хи деза хилар билгалдар, иза деза хилар ду, хIора межено латийна къа цо дIадоккхуш хилар.

### Ламаз даима карахь латторх а, иза карладаккхарх а

**Хаттар:** ХIай Билал, сол хьалха ялсамане муха кхаьчна хьо?

**Жоп:** Цхьана дийнахь (ша Iуьйренга ваьлча) Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шена тIекхайкхира Билал. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIай Билал, сол хьалха ялсамане муха кхаьчна хьо; сийсара гIенахь ялсамане вахара со, сайна хьалха хьан боларан тата хезир-кха суна».** ТIаккха Билала (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХIай Делан Элча, цкъа а ламазна азан дина ма дац аса** (ламазна кхайкхина ма вац со)**, цул тIаьхьа шиъ ракаIат ламаз дина а бен, я карара ламаз даьлла ма дац сан, сихха ламаз эцна а бен».**

ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цундела ду-кх».** *Баззар.*

**Пайда:** Ламаз даима карахьлаттор а, иза карладаккхар а дикачу Iамалех ду (иза лелочунна мела а хуьлуьйтучу, иза ялсаманин охIланех а вечу). Иза бахьана долуш, АллахIа лакхадаькkхина ялсаманехь Билалан (Дела реза хуьлийла цунна) дарж.

### Ламаз эцна ваьлча ши ракаIат суннат ламаз дар хаздар

**Хаттар:** ХIай Билал, суна дийцахьа, Ислам тIеэцначул тIаьхьа, мела хиларе уггар чIогIа са а туьйсуш, ахьа йина Iамал муьлха ю? Суна хьан шина мачин тата хезна-кх ялсаманехь сайна хьалха.

**Жоп:** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Билале элира, аьлла: **«ХIай Билал, суна дийцахьа, Ислам тIеэцначул тIаьхьа, мела хиларе уггар чIогIа са а туьйсуш, ахьа йина Iамал муьлха ю? Суна хьан шина мачин тата хезна-кх ялсаманехь сайна хьалха».** Билала (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Сайна мела хиларе уггар чIогIа са а туьйсуш, Iамал йина ма яц аса, ламаз карла моссаза даьккхи а, цу ламаз карладаккхарца суннат ламаз деш бен».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Езачу, сийлахьчу Iамалех ду, бусалба стага ламаз а эцна, АллахIа шена тIедиллина долу ламаз дар, иза ламаз карахь долуш лелар а, цо иза даима карахь латтор а. Иза бу, даима цIанояр дезачу Делах тешачу нехан болх. Ламаз карахь хилар Ийман долчу нехан герз ду, шена ма-лиъинехь ламаз дан а, доIа дан а, АллахIе гечдар деха а йиш йолуш.

### Тема дар

**Хаттар:** ХIай Iамр, хьайн накъосташна хьалха а ваьлла, жамIат ламаз дина ахь, лийчар (фарз хилла) хьайна тIедеана а долуш?

Жоп: Iамр бин аль-Iаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Набкхетта а волуш, фарз лийчар тIедеанера суна цхьана чIогIа шийлачу буса, масех дийне даьллачу гIазотехь. Со кхийрира, лийчича со валарх (чIогIа шийла хиларна); тема а дина, цул тIаьхьа сайн накъосташна хьалха а ваьлла, Iуьйра ламаз дира ас. Цара иза Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIадийцира. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIай Iамр, хьайн накъосташна хьалха а ваьлла, жамIат ламаз**

**дина ахь, лийчар** (фарз хилла) **хьайна тIедеана а долуш?»** Аса цунна дийцира, со ца лийчаран бахьана. Аса элира: «АллахIа олуш хезна суна: **«Шайн догIмаш ма дайа аш, баккъалла а, АллахI шуьца къинхетаме ву».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вела а велла, хIумма а ца элира. *Бухари.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iамра (Дела реза хуьлийла цунна) динарг магийра. Цо, сацам а бой, чIагIдеш ца хилла бакъдоцург. Хи шийла хилча тема дан мега, хи доцуш висича санна.

**Лийчар фарз а хилла тIедаран хьукма**

**Хаттар:** Стенгахь вара хьо, хIай Абу ХIурайрат?

**Жоп:** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьана дийнахь Мадинатан урамехь суна тIекхечира Делан Элча, фарз лийчар суна тIехь а долуш. Со дIалечкъира. (Кхечу хьадисехь ду, со гучуьра дIавелира, аьлла). ДIа а вахана, лийча а лийчина, схьавеара со. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Стенгахь вара хьо, хIай Абу ХIурайрат?»** Аса элира: **«Лийчар, фарз хилла, тIедеана вара со, ламазна цIена а воцуш, хьоьца охьахаар ца дийзира суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«СубхьáналлóхIи** (ЦIена ву АллахI)**, бусалба нажас хуьлуш ма вац».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Лийчар, фарз хилла, тIедар бахьана долуш, бусалба стаг (я дийна верг а, я велларг а) нажас хуьлуш вац.

**Къенделлачу динатийн цIока дабагIадар** (цIандар)

**Хаттар:** Цуьнан цIоканах пайда ца бира аша?

**Жоп:** Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) карийра, Маймунатан лена сагIина белла болу уьстагI къенбелла лаьтташ, аьлла. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цуьнан цIоканах пайда ца бира аша?»** Цара элира: **«Иза къенбелла ма бу».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, хьарам дерг – иза баар ма ду, цуьнан цIоканах пайдаэцар хьарам дац».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, дабагӀадинчул тӀаьхьа къенъеллачу хӀуманан цӀоканах пайдаэца мегаш хилар – метта тосуш а, тӀеюхуш а, тӀетосуш а, я хи, я кхийолу коча хӀума чуйотта пхьегӀа еш а. Бахьана: хьарамдерг – деккъа къенъеллачу хӀуманан жижиг даар ду.

## ДоьалгӀа дакъа

## Ламаз

### Ламазан дозалла

**Хаттар:** Аша суна дийца, шух цхьаьннан неӀара хьалхахула охьадогӀуш цхьа татол хилча, иза массо а дийнахь пхоьазза цу чохь лийча а луьйчуш, цу стеган моданах хӀумма а юьсур ярий?

**Жоп:** Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша суна дийца, шух цхьаьннан неӀара хьалхахула охьадогӀуш цхьа татол хилча, иза массо а дийнахь пхоьазза цу чохь лийча а луьйчуш, цу стеган моданах хӀумма а юьсур ярий?»** Цара элира: **«Цуьнан моданах хӀумма а юьсур яцара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза ду-кх, АллахӀа шаьш бахьана долуш къинош дӀадохучу пхеа фарз ламазан масал».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Фарз пхи ламаз Ӏалашдаро, къинош даима дӀацӀандо, массо а дийнахь пхоьазза луьйчучу стагах терра. И стаг ма хуьлу даима цӀена.

### Ламаза тӀехь могӀанаш дузар

**Хаттар:** Аша могӀанаш ца до, шайн Далла хьалха маликаша могӀанаш дарах терра?

**Жоп:** Самуратан кӀанта Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша могӀанаш ца до, шайн Далла хьалха маликаша могӀанаш дарах терра?»** Оха элира: **«Шайн Далла хьалха маликаш дӀа муха хӀуьтту?»** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьалхара могӀанаш дуза а дузий, могӀанехь вовшашна тӀеттӀа таьӀа уьш».** *Муслим.*

**Пайда:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдо могIанаш дузар деза хилар а, ламаз тIехь могIа муха бан беза а, могIанашкахь ламаз дийриш вовшашна тIеттIахила безар а (шайна юкъахь херо ца хилийта).

### Iуьйра ламазе безам бахийтар

**Хаттар:** Хьенех веаний?

**Жоп:** Убай бин КаIба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьана дийнахь шайна хьалхаваьлла жамIатехь Iуьйра ламаз дира, тIаккха цо элира, аьлла: **«Хьенех веаний?»** Цара элира: **«XIан-хIа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьенех веаний?»** Цара элира: **«XIан-хIа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, хIара ши ламаз** (Iуьйра а, пхьуьйра а) **мунепакъна уггар хала ламаз ма ду. Цаьршингахь дерг хаахьара, и шиъ дан догIур ма дара шу, горатекхна а».** *Ахьмад, Абу Давуд.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дуьйцу, Iуьйра а, пхьуьйра а ламазаш жамIатехь дечунна йоккха ял хилар. Бусалбанашна иза хаахьара, и ши ламаз дан жамIате ца богIуш уьш Iийр бацара; горатекхна а, богIур ма бара уьш, шайна мела хилийта.

### ТахIажжуд ламаз а, цуьнан дозалла а

**Хаттар:** Ламаз ца до ашшимма?

**Жоп:** Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьана буса Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен йоIан ФатIиматан неI туьйхира, цо элира: **«Ламаз ца до ашшимма?»** Аса элира: **«XIай Делан Элча, тхан синош АллахIан карахь ду, шена тхо самадаха лаахь, Цо самадохур ду тхо».** Аса шега иза аьлча, соьга хIумма а ца олуш, дIавахара иза. Цул тIаьхьа суна хезира, шен настарна тIе куьг а детташ, хIара аят а доьшуш, иза дIавоьдуш: **«Адам ду дукхах долчу хьолехь къийсам латтош».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) оьгIазваханера Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) аьллачунна, юха-юха аят деша вуьйлира иза, Iелас шега аьллачух цец а ваьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iалашво дукха наб ярх а, тахIажжуд ламаз

дан мало ярх а, цуьнан тӀалам ца барх а, хӀунда аьлча цӀенна Далла хьалха хӀутту а, Делера совгӀаташ хуьлу а хан буьйса йолу дела.

### Дуккха а сужданаш даре безам бахийтар

**Хаттар:** Деха соьга.

**Жоп:** КаӀбан кӀанта РабиӀата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со вара Делан Элчанца буьйса йоккхуш. Цунна тӀе деара аса ламаз эца хи а, цунна оьшург а. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) соьга элира: **«Деха соьга».** ТӀаккха аса элира: **«Аса хьоьга доьху, ялсаманехь хьоьца цхьаьна хилар».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза доцург хӀумма а дац?»** Аса элира: **«Иза ду-кх».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТӀаккха ахь суна гӀо де** (оцу тӀехь) **дуккха сужудаш дарца».** *Муслим.*

Пайда: КаӀбан кӀанта РабиӀата (Дела реза хуьлийла цунна) Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийхира, ялсаманехь ша цуьнца цхьаьна хилийтар. ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга аьллера, дуккха а сужданаш де, хьайн дехар кхочушдеш вайшинна цунах гӀо хилийта, аьлла. Бахьана: Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьа, АллахӀна сужда даро даржаш хьалаойуш хилар а, вуонаш дӀадохуш хилар а. Сужданехь волуш лай хуьлу шен Далла уггар а юххехь.

### Фатихьатал тӀаьхьа сурат дешар

**Хаттар:** Шуна цхьанне а лаьий, шен хӀусаме юхавахча, цигахь йоккха а, ерстина а йолуш, яхка езаш йолу кхо эмкал каро?

**Жоп:** Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шуна цхьанне а лаьий, шен хӀусаме юха вахча, цигахь йоккха а, ерстина а йолуш, йахка езаш йолу кхо эмкал каро?»** Оха элира: **«ХӀаъ, лаьа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шух цхьаммо шен ламаза тӀехь фатихьатал тӀаьхьа доьшуш долу кхо аят дика ма ду, йоккха а, ерстина а йолуш, яхка езаш йолчу эмкалел а».** *Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдо, ламаза тӀехь Фатихьат суратал тӀаьхьа Къуръанан аяташ дешаран дозалла а,

Фатихьатал тӀаьхьа доьшу Къуръанан кхо аят йоккха а, ерстина а, яхка езаш йолчу эмкалел а деза хилар а.

**Пхеа фарз ламазан дозалла**

**Хаттар:** Ца хаьа-кх суна, шуна дийца-те аса, я тап-аьлла, ӀадӀе-те со?

**Жоп:** Ӏаффанан кӀанта Ӏусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элча тхоьга вистхилира, тхо ламаз дина девлча. Цо дийцинарг малхбуза ламаз дара моьтту суна. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ца хаьа-кх суна, шуна дийца-те аса, я тап-аьлла, ӀадӀе-те со?»** Ӏусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцира: «ТӀаккха оха элира: **«ХӀай Делан Элча, нагахь санна диканиг делахь, дийцахьа тхуна, нагахь санна вониг делахь, тӀаккха АллахӀна а, Цуьнан Элчанна а дика хаьа-кх».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цхьана буьйсана ламаз а эцна, АллахӀа шена фарз дина цӀанояр кхочуш а дина, хӀара пхиъ фарз ламаз дийр ма дац, царна юкъахь йолчу хенахь латийна къинош АллахӀа дӀадохуш а бен».** *Бухари, Муслим.*

Кхечу хьадисехь деана, Ӏусмана (Дела реза хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ВаллохӀи, шуна цхьа хьадис дуьйцур ма ду аса; АллахӀан Къуръана чохь цхьа аят дацахьара, шуна иза дуьйцур ма дацара аса. Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **олуш хезна суна, ламаз а эцна, шен ламаз эцар дуьззина кхочуш а дина, цул тӀаьхьа стага фарз ламаз дийр ма дац, АллахӀа цунна** (цу ламазна а, цунна тӀаьхьа долчу ламазна а юккъехь цо летийначу кегийчу) **къиношна гечдина а бен».**

Цхьа аят дацахьара бохург – хӀара аят ду: **«Баккъалла а, Оха доссийна делилаш а, нийсо а. Оха Къуръана чохь нахана билгалдинчул тӀаьхьа – иза кхайкха а ца еш, хьулъечарна неӀалт олу АллахӀа а, неӀалт кхайкхочу наха а».**

**Пайда:** Шен дахаран оьмарехь даккхий къинош а ца летош, фарз ламазаш (кхочушдеш) лардинчунна АллахӀа гечдийр ду, Иза цунна къинтӀера а вер ву, Цо иза ялсамане а вуьгур ву.

**Ламазе вогӀуш, сих а ца луш, паргӀата вар**

**Хаттар:** ХӀун хилла шуна?

**Жоп:** Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Тхо Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьаьна ламаз деш долчу хенахь, цунна хезнера божарийн когийн тата. Ламаз дина ваьлча, цо элира: **«ХIун хилла шуна?»** Цара элира: **«Ламазна сихделлера тхо».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ма сихло, ламазе догIуш, сих а ца луш, паргIата дахкар тIехь ду шуна, шаьш тIекхиъларг де, цакхиъларг тIекхиаде».** *Бухари.*

**Пайда:** Бусалба стагана тIехь ду маьждиге, сих а ца луш, паргIат а, лераме а вар. Ша тIекхиъларг доьхкур ду цо, тIе ца кхуьуш диснарг, кхочуш а дийр ду цо. Иза ду Исламан хьехамех а, гIиллакхех а.

## Ламаза тIехь тасбихь дар

**Хаттар:** ХIокху хьайн ламаз дечу меттера меттаха ца яьлла хьо?

**Жоп:** Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: «АллахIан Элча Джувайрият (Дела реза хуьлийла цунна) йолчуьра аравелира, иза шен ламаз дечу меттехь хиъна Iаш а йолуш. Юха иза йолчу чувахара и, иза шен ламаз дечу меттера дIаяланза а йолуш. ТIаккха цо элира: **«ХIокху хьайн ламаз дечу меттера меттаха ца яьлла хьо?»** Цо элира: **«Ца яьлла».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьо йолчуьра араваьлча, кхузза цхьа диъ дош аьлла аса, ахьа аьллачуьнца уьш дуьстича, царал сов а хир долуш. Уьш ду: «СубхьáналлóхIи ва бихьамдихIи, Iадада холькъихIи, ва ридó нафсихIи, ва зината IаршихIи, ва мидáда калимáтихIи** (АллахI цIанво аса, Цуьнан халкъан барамехь а, Иза резахиларан барамехь а, Цуьнан Iаршан барамехь а, Цуьнан дешнийн барамехь а Цунна хастам барца)**».** *Абу Давуд.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхидолчу тасбихьел дезачу тасбихьан кеп билгалйина, шена хьалха жагIанан кегий тIулгаш охьа а дехкина, тасбихь деш Iачу Джувайриятана. И тасбихь даима дан деза рукуIехь а, сужданехь а, массо а пхеа фарз ламазна тIехь а доьазза. Иза къобалдар Веза-Сийлахьчу АллахIехь ду.

**Хаттар:** Мила ву иштта-иштта дош аьлларг?

**Жоп:** Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: «Тхо АллахIан Элчанца ламаз деш долчу заманчохь, нахана юкъарчу цхьана стага элира: **«АллóхIу Акбар, кабúров-вальхьамду лиллáхIи хьамдан касúров-**

**ва субхьа́наллóхIи букротав-ва асы́ла́** (АллахI барам боцуш Воккха ву, хастам а бу АллахIна дуккха а; АллахI цIан а во ас Iуьйрана а, суьйрана а)**».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Мила ву иштта-иштта дош аьлларг?»** Нахана юкъарчу цхьана стага элира: **«Со ву, хIай Делан Элча».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цецваьлла со цунах! Цунна дIайиллинера стигланан неIарш».** Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира: **«Делан Элчано иза иштта олуш сайна хезначул тIаьхьа, иза Iаддитина ма дац аса».** *Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) чIагIдо, и тасбихь динчунна боккха мела а, чIогIа ял а хилар; и динчуьнгара АллахIа къобалдеш а хилар, стигланан неIарш цунна (тасбихьна) дIайоьллуш хилар.

**Хаттар:** Вистхилларг мила ву?

**Жоп:** РофиIан кIанта РифаIата дийцина: «Цхьана дийнахь тхо дара Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIехьа. РукуIера шен корта хьалаайбича, цо элира: **«СамиIаллóхIу лиман хьамидахI** (АллахIна хеза Шена хастам беш верг)**».** ТIаккха цунна тIехьа волчу цхьана стага элира: **«Роббана́ ва лакаль-хьамду хьамдан каси́рон, тIоййибан, муба́рокан фи́хIи** (Тхан Дела, Хьуна хастам бу, дуккха а, цIена а болуш, беркате а болуш)**».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), ша схьавирзича, элира: **«Вистхилларг мила вара?»** Цу стага элира: **«Со вара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ткъе итт а сов малик гира суна, ша-ша хьалха иза дIаяздан гIерташ, къийсалуш».** *Бухари.*

**Пайда:** Маликаш къийсало и тасбихь дIаяздан, цуьнан болх беза болу дела, цуьнан мела дуккха а болу дела, цуьнан ял алсам йолу дела, иза, АллахIа къобал а дина стигала хьалаойуучу цIеначу, дикачу къамелах а долу дела. Цо гойту, и санна долчу тасбихьан а, зуькаран а дешнаш ала дезаш хилар, ял а, мела а хилийтархьама.

## Имамаца цхьаьна сурат дешар

**Хаттар:** ХIинцца шух цхьаммо соьца цхьаьна сурат дийширий?

**Жоп:** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, сурат хезаш доьшучу ламазна тIера схьавирзича, Пайхамара (Делера салам-

маршалла хуьлийла цунна) хьаьттира, аьлла: **«ХIинцца шух цхьаммо соьца цхьаьна сурат дийширий?»** ТIаккха цхьана стага элира: **«ХIаъ, дийшира, хIай Делан Элча».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Аса боху, соьца цхьана Къуръан дешар хIунда къуьйсу-те».** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ТIаккха наха Iаддитира, хезаш сурат доьшучу ламаза тIехь имам дешна валлалц сурат дешар».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

**Пайда:** Хезаш сурат доьшучу ламазашна тIехь (Iуьйра а, маьркIажа а, пхьуьйра а ламазаш) имамо Къуръан доьшуш тIаьхьа хIоьттинчо ладогIа дезаш хилар.

### Ламазал тIаьхьа витр ламаз дар

**Хаттар:** Витр деш ма вац хьо?

**Жоп:** Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Абу Бакре (Дела реза хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Витр деш ма вац хьо?»** Абу Бакра (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Буьйсанан юьххьехь до аса иза».** Iумаре (Дела реза хуьлийла цунна) элира цо: **«Витр деш ма вац хьо?»** Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Буьйсанан чаккхенехь до аса иза».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Абу Бакре (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХIара чIогIа ларлуш ву».** Iумаре (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ЧIогIачу чIагIаллица тIевирзина хIара».** *Абу Давуд.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, витр ламазан хьукма а, цуьнан дозалла а, цуьнан хан а. Цо хастийна Абу Бакр, Iумар а (Дела реза хуьлийла цаьршинна). Цо цаьршиннан лаам а бовзийтина – Абу Бакр (Дела реза хуьлийла цунна), набкхетта висина, ламаз тиларх ларлуш хилар, Iумар (Дела реза хуьлийла цунна), Iуьйкъана гIеттина ламаз дан чIогIачу чIагIаллина тIехь хилар а.

### Ша хIоьттина ламаз динчо жамIатехь иза юхадар

**Хаттар:** Ашшима жамIатехь ламаз ца даран бахьана хIун ду?

**Жоп:** Асвадан кIанта Язийда (Дела реза хуьлийла цунна) Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ламаз дира (ша жима стаг волчу хенахь). Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ламаз дина ваьллачу хенахь, маьждига йистехь вара ламаз данза цхьа-ши стаг. И шиъ

схьавалийра, тӀаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьаьттира: **«Ашшима тхоьца жамӀатехь ламаз ца даран бахьана хӀун ду?»** Цаьршимма элира: **«Охашиммо тхешан ламаз цӀахь дина».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«И саннарг кхин ма делаш** (жамӀатехь ламаз ца деш ма Ӏелаш)**; нагахь санна шух цхьаъ шен цӀахь ламаз а дина, цул тӀаьхьа ламаз дина валанза волчу имамна тӀе кхачахь, цо цуьнца ламаз дойла, иза цунна мелана яздийр ду».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

**Пайда:** Сийлахьчу хьадисах пайдаоьцу, нагахь санна стаг шен цӀахь ламаз а дина, цул тӀаьхьа (ламаз дина ваьлча) ламаз дан дезачу имамна тӀекхачахь, цо цуьнца ламаз дар дика хилар. Имамца деш долу массо а ламаз цунна мелана хуьлу, хьалха динарг фарз дерг хуьлу.

### Бусалба динан Ӏийд денош

**Хаттар:** ХӀара ши де хӀун ши де ду?

**Жоп:** Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Пайхамар Мадинате схьакхечира, церан даздеш Ӏийдан ши де а долуш. Цо хьаьттира: **«ХӀара ши де хӀун ши де ду?»** Цара жоп делира: **«Оха хӀара ши де даздора Ислам тӀедале».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, АллахӀа цу шина денна дуьхьал шуна делла, цаьршиннал дика ши де: гӀурбанан де а, марха досту де а».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

**Пайда:** И шиъ ду, мархин беттан а, ХьаьжцӀа вахаран а Ӏалашо йолу шарӀан ши Ӏийда. Исламо и шиъ делла жехӀил хенан Ӏийдана дуьхьал.

### ПхоьалгӀа дакъа

### СагӀа далар

**Хаттар:** Мила ву шух, шен верасан даьхни шен даьхнинал дукхадезарг?

**Жоп:** Ибн МасӀуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Мила ву шух, шен верасан даьхни шен даьхнинал дукхадезарг?»** Цара элира: **«ХӀай Делан Элча, тхох цхьа а ма вац, шен даьхни** (верасан даьхнинал) **дукхадезаш а бен».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира:

**«Баккъалла а, цуьнан даьхни – цо сагIина дIаделларг ду, цуьнан верасан даьхни – цо сагIина дIа ца луш дитинарг ду».** *Бухари.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, бусалба стеган даьхни – цо АллахIна муьтIахь хуьлуш, дика Iамал а еш, дика а деш дIаделларг хилар. Цуьнан бекхам а бу йисина йолу Iамалш хьалайоттар. Амма верасан даьхни ду, веллачо сагIина а ца делла, цул тIаьхьа декъа дитинарг. Кхуьнан маьIна ду – даьхни сагIина даларна тIехь стаг сутара хила везаш хилар. ДIадер долчу кху дуьнен тIехь дика Iамал яр ду иза. Бухахьдуьсу даьхни бахьанехь адаме жоп доьхур ду, цо иза бухахь дитаре а, цо цунах пайда ца эцаре а ца хьоьжуш.

## Доьзална а, гергарчарна а сагIа далар

**Хаттар:** Иза доцург, кхин даьхни дуй хьан?

**Жоп:** Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Бану Iузратан тайпанах волчу цхьана стага лай хьалхавитира, ша веллачул тIаьхьа хьо хьалхавитина ву, аьлла. И хабар тIекхечира Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цо хьаьттира: **«И доцург, кхин даьхни дуй хьан?»** Стага элира: **«ХIан-хIа, дац».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза** (лай) **соьгара хьан оьцу?»** Иза ийцира IабдуллахIан кIанта НуIайма, 800 дирхIам а делла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), иза а валош схьа а веана, цунна иза дIаделира. Цул тIаьхьа цо элира: **«Хьалха хьайна тIера дIа а волалой, хьайна сагIа ло, хьайна совдаьлларг хьайн доьзална ло, тIаккха совдаьлларг – хьайн гергарчарна а, цул совдаьлларг – и санначарна а, тIаккха совдаьлларг – хьайна дуьхьал а, аьтту агIор а, аьрру агIор а Iаш болчарна а».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

**Пайда:** Лен цIе ЯIкъуб ю, цуьнан эланан цIе Абу Мазкур ю. Ша валале, лай хьалхавитар олу – нагахь санна со лахь, хьо паргIат ву, аьлча. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цо иза иштта хьалхавитаний шена хиъча, иза воцург, цуьнан кхин лай воций а хиъча, иза 800 дирхIамах вохка а воьхкина, цунна и ахча дIаделлера. Цо цуьнга аьллера: **«Хьайн дегIана сагIа ло, цул тIаьхьа – хьайн доьзална, цул тIаьхьа – хьайн гергарчарна, нагахь совдаьллехь, хьайна луъучунна дIало».** Иштта билгалбина Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) сагIа даккхаран некъ, хIунда аьлча цунна тIаьхьавазарехь мела, АллахIа къобалдар а долу дела.

## АллахӀна уггар дукхаеза Ӏамалш

**Хаттар:** Тахана шух марха долуш мила ву?

**Жоп:** Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Тахана шух марха долуш мила ву?»** Абу Бакра (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Со ву».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Тахана докъан хьашташ кхочушдинарг мила ву?»** Абу Бакра (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Со ву».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Тахана шух мискачу стагана кхача белларг мила ву?»** Абу Бакра (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Со ву».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Тахана шух цомгашчуьнга хьажа ваханарг мила ву?»** Абу Бакра (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Со ву».** ТӀаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«И Ӏамалш цхьана стагехь цкъа а вовшахкхетар ма яц, иза ялсамане вахана а бен».** *Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалйина, АллахӀ реза хиларца ялсамане вуьгу цхьайолу дика Ӏамалш. Царах ду – суннат марха кхабар, сагӀина яахӀума ялар а, докъан ламасташ (хьашташ) кхочушдар а, цомгашчуьнга хьажа вахар а.

## СагӀа схьаэцар хьарам долчух лаьцна

**Хаттар:** ХӀумма а юй шуьгахь?

**Жоп:** Ансарех йолчу Умму ӀатӀиййата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) веара Ӏаишат (Дела реза хуьлийла цунна) йолчу. Цо элира: **«ХӀумма а юй шуьгахь?»** Ӏаишата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХӀан-хӀа, Умму ӀатӀиййата шена закатана еллачух яийтина йоцург, кхин хӀумма а яц».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, иза шен метте дӀакхаьчна».** *Бухари, Муслим.*

Пайда: Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, я пайхамарна а, я цуьнан цӀийнан охӀланна а закатах йолу хӀума яа мегаш цахилар. Цундела иза цунна тӀехь чӀогӀа сутара хилла, ша юучух ларлуш а хилла, иза мичара ю хоттуш а хилла цо. Амма «Иза шен метте дӀакхаьчна» бохучун маьӀна – Умму ӀатӀиййата шена закатана елларг схьаэцначул тӀаьхьа, закатан хьукма дӀадаьлла цуьнгара, цул тӀаьхьа цо

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIусаме яхьийтинарг совгIатан хьукманехь хилла.

## ЙолхалгIа дакъа

## Марха

### Рузбанан дийнахь марха кхабар

**Хаттар:** Селхана марха кхаьбний ахьа?

**Жоп:** Муъмин нехан нана йолчу Хьарисан йоIа Джувайриййата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Рузбанан дийнахь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) со йолчу веара, со марха долуш а йолуш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«Селхана марха кхаьбний ахь?»** Аса элира: **«Ца кхаьбна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«Кхана кхаба лууш юй хьо?»** Аса элира: **«ХIан-хIа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Марха дохаде».** *Бухари.*

**Пайда:** Рузбанан де мелан марха кхабарца къастор карахIат ду (дика дац), марха кхобург рузбанан дийнахь шена тIебеххкина белхаш кхочуш ца балуш гIийла хуьлу дела, я иза бусалба нехан Iийдан де (уьш цхьаьнакхета де) долу дела. Марха кхабарца иза къасто мегар ду, нагахь санна цул хьалхарчу дийнахь а я тIаьхьарчу дийнахь а кхабахь.

### Мархин дозалла

**Хаттар:** Диканан неIаршна тIе нисвай аса хьо?

**Жоп:** Джабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шега элира, аьлла: **«Диканан неIаршна тIе нисвай аса хьо?»** Аса элира: **«Нисвехьа, хIай Делан Элча».** Цо элира: **«Марха вуочух а, баланех а Iалашвеш дуьхьало ю, сагIано къа дIадоккху, хиэ цIе дIаяйарх терра».** *Тирмизи.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) доккхачу диканна тIе нисво, иза – мелан марха кхабар ду.

### Некъахочун марха

**Хаттар:** ХIун хилла цунна?

**Жоп:** Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара новкъахь. Цхьа стаг гира цунна, шена тIегулбеллачу наха цунна IиндагI дина долуш. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIун хилла цунна?»** Цара элира: **«Марха долуш стаг ву иза».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Некъахь долуш аша марха кхабар дика дац шуна».** *Бухари, Муслим.*

Кхечу хьадисехь совдаьккхина аьлла ду: **«АллахIа шайна елла бакъо лелор тIехь ду шуна».** Кхечу хьадисехь ду, некъахь марха кхабар дика дац, аьлла. Насаис дийцинчу хьадисехь деана: «Шена тIе хин тIадамаш а детташ, диттан IиндагIехь Iачу стагана уллохула ваьлла дIавахара Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Цо хаьттира: **«ХIун хилла шун накъостана?»** Цара элира: **«Марха долуш ву иза, хIай Делан Элча».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дика дац шуна, новкъадевлча, аша марха кхабар. АллахIа шайна елла бакъо ларъе. Иза къобал а е».**

**Пайда:** Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) некъахо хилла. ТIаккха цунна цхьа нах гина, чIогIа мац а велла, ницкъ дIабаьллачу стагана го бина Iаш. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттина: **«ХIара хIун ду?»** – аьлла. ТIаккха цара аьлла: **«ХIара Къайс аль-Iамарий ву. Абу Исраил олий, харц цIе а йоккху кхуьнан. Йовхоно ницкъ бина, охьавожийна иза, некъахо а волуш, марха лаьцна дела».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«АллахIна муьтIахь хилар а, дика Iамал яр а, мела баккхар а дац, ницкъ ца кхочучо некъахь марха кхабар. Бакъду, цо марха кхабар карахIат ду, дастар деза а ду, хIунда аьлча АллахIа марха дастар магийна цхьана дикачу пайденна. Цунна тIе а тевжина, марха даьстинарг мелехь соввоккху, цуьнгахь ницкъ а хилийта, иза каде а хилийта. Цо иза ца дастахь, мархакхабар хуьлу, сийсаза хила а гIерташ, кхобуш».**

## Денна марханаш кхабар

**Хаттар:** ХIай Iусман, сан суннат ца дезаш-м вац хьо?

**Жоп:** Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьаъ вахийтира МазIунан кIант Iусман (Дела реза хуьлийла цунна) схьавало. ТIаккха иза цунна тIевеара. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«ХIай**

**Іусман, сан суннат ца дезаш-м вац хьо?»** Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХІан-хІа, валлохІи, хІай Делан Элча, хьан некъ лоьхуш вар-кха со».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, со дІа а вуьжу, аса тахІажжуд а до, аса марха а кхобу, даста а досту, аса зударий а балабо. АллахІах кхера, хІай Іусман. Ахьа хьайн зудчунна дІадала дезаш хьуна тІехь хьакъ ма ду. Цхьана дийнахь марха кхаба, шолгІачу дийнахь ма кхаба** (дедда-юкъа кхаба)**, тахІажжуд а де, набъеш, са а даІа».** *Абу Давуд.*

**Пайда:** МазІунан кІант Іусман (Дела реза хуьлийла цунна) – цхьана нанас вакхийна волу вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ваша ву. Иза АллахІна лолла деш дуьненах дІахаьдда хилла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бехк а баьккхина, Іамалъярехь юккъерчу барамехь хила аьлла, и низам даима лелорна тІе а нисвина иза.

## ВорхІалгІа дакъа

### ХьаьжцІа, доха а дина, юхадар

**Хаттар:** Хьуна ца хаьа, хьан наха шаьш ХьаьжцІа юхадечу хенахь, цара иза, ИбрахІима боьттинчу баххех кхачам а бина, доьттина хилар?

**Жоп:** Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьуна ца хаьа, хьан наха шаьш ХьаьжцІа юхадечу хенахь, цара иза, ИбрахІима боьттинчу баххех кхачам а бина, доьттина хилар?»** Аса элира: **«ХІай Делан Элча, ИбрахІиман баххашна тІе кхаччалц вовшах хІунда ца доккху ахьа иза?»** Цо элира: **«Хьан нах керстаналли чуьра дукха хан йоццуш арабевлла бацахьара, иза дина хир ма дара аса».** *Бухари.*

### ГІуданан бахьанаш, уьш билгалдар а

**Хаттар:** Хьан коьрта тІерачу мезаша ницкъ бой хьуна?

**Жоп:** Іужратан кІанта КаІба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Хьудайбиййат шарахь Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гира со, сан юьхьа тІехула дІасалелаш мезий долуш. ТІаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьан коьртарчу мезаша ницкъ бой хьуна?»** Цо элира: **«ХІаъ, бо».** ТІаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«Хьайн корта дІа а баший, цул**

**тIаьхьа ялх мискачу стагана яахIума ло я уьстагIна урс хьакха, я кхаа дийнахь марха кхаба».** *Бухари.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина, хьаж дихкинчух гIурба хьарчаран бахьана – корта башар хилар. ГIуда хуьлу, мискачу нахана дIадала дезаш важиб долуш, уьстагIна урс хьакхарца, я ялх миска стаг вузоран сагIица, хIора мискачу стагана юьртахь дукха лелош болчу кхачанах ши кана а луш, я итт де марха кхабарца, царах кхо марха – хьаж дихкина волуш, ворхI – ша цIавеъча.

**Маккахь урс хьакха дуьгучу дийнатна тIехаа магар** (оьшучунна)

**Хаттар:** ТIехаа цунна?

**Жоп:** Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гинера, ХьаьжцIахь гIурбана ден далочу дийнатан юьхь лаьцна вогIуш цхьа стаг. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«ТIехаа цунна».** Стага элира: **«Иза гIурбанна ден далош дийнат ма ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьо дакъаза ма валарг, тIехаахьа цунна».** *Бухари.*

**Пайда:** Цуьнгахь ду, оьшучунна ХьаьжцIахь ден далочу дийнатна тIехаа мегаш хилар.

**ГIурбанан дийнахь доьшу хутIба** (хьехам)

**Хаттар:** ХIай нах, хIара хIун де ду?

**Жоп:** Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIурбанан дийнахь нахана хьехам бира, цо элира, аьлла: **«ХIай нах, хIара хIун де ду?»** Цара элира: **«Дихкина, деза де ду».** Цо элира: **«Ткъа хIара хIун шахьар ю?»** Цара элира: **«Йихкина, еза шахьар ю».** Цо элира: **«Ткъа хIара хIун бутт бу?»** Цара элира: **«Бихкина, беза бутт бу».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, шун цIийш а, шун даьхни а, шун сий а шуна дихкина ма ду, хIара шун де дихкина хиларх терра, хIокху шун шахьарахь а, хIокху шун баттахь а».** Цо иза юх-юха элира. Цул тIаьхьа шен корта хьала а айбина, цо элира: **«Я АллахI, аса дIакхачийний, я АллахI, аса дIакхачийний?»** Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира: **«Сан са карахь долчу АллахIах дуй буу аса, иза цо шен умматна деш весет ма дара. ЛадугIуш** (уллохь) **хиллачо,**

**уллохь ца хиллачуьнга дIаолийла. Сол тIаьхьа керста хилий ма лелалаш, вовшийн вортош а отуш** (вовшашна дуьхьала тIемаш а беш)». *Бухари, Муслим.*

Кхечу хьадисехь ду: «Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIурбанан дийнахь шайтIанна тIулгаш кхуьссучу юкьахь, ша хьаж дихкинчу хенахь сецира, цо элира: **«ХIара ду доккха хьаж дехкаран де. Я АллахI, Ахьа тоьшалла дехьа»**, – баха вуьйлира иза. Цо нахаца Iодика йира. Цара элира: **«ХIара хьажжатуль-ваддаI** (Iодикаяран хьаж) **ду».**

**Пайда:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьажжатуль-вадаIан хьехам бира. Цо билгал а дира бусалба нехан цIийш а, церан даьхни а, церан сий а, царна дихкина хилар. Цо аьлла: **«Сол тIаьхьа керста хилий ма лелалаш, аса шайна цамагийнарг хьанал а деш, я АллахIан ниIматна а, Цуьнан шарIана а керсталла а деш, дуьне къуьйсуш вовшашна дуьхьал тIемаш а беш».** Иза бара массо а хIума чулоцуш болу, цхьа бIе ткъе итт эзаре кхочучу бусалба нехан йоккхачу тобанна бина хьехам.

## БорхIалгIа дакъа

## АллахIан некъахь араваьллачунна тIеюьллу чан

**Хаттар:** ХIун хилла хьуна, некъана юьстаха ма ваьлла хьо?

**Жоп:** Зиядан кIанта РабийIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волавелла лелачу хенахь, иза тIенисвеллера некъана юьстах а ваьлла, волавелла лелачу къурайшийн цIийнах волчу цхьана кIантана. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ДIогахь верг хьенех вац?»** Цара элира: **«ХIаъ, ву».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Схьакхайкха иза».** Цара иза схьакхайкхира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIун хилла хьуна, некъана юьстах ма ваьлла хьо?»** КIанта жоп делира: **«ХIай Делан Элча, чан ца езарна лела со».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цунна юьстах ма вала. Мухьаммадан са карахь долчух** (АллахIах) **дуй ма буу аса, иза ялсаманин IатIар ма ду».** *Абу Давуд.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и кIант кхайкхина, АллахIан некъахь араваьллачунна тIеюьллучу ченах ца къеххаре

а, некъана юьстах ца латтаре а. И чан лайначунна хаза хьожа йолу IатIар хир ду къематдийнахь, ялсаманин ниIматна иза гергакхачар бахьана долуш.

**ШахIидийн** (гIазотехь эгначеран) **дакъош**

**Хаттар:** Шайна юкъахь шахIидаш муьлхарш лору аша?

**Жоп:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шайна юкъахь шахIидаш муьлхарш лору аша?»** Цара элира: **«ХIай Делан Элча, АллахIан некъахь кхелхинарг ву-кх шахIид».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТIаккха-м, сан умматах шахIидаш кIезиг ма бу!»** Цара элира: **«Мила ву тIаккха, хIай Делан Элча?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«АллахIан некъахь эгнарш а шахIидаш бу, АллахIан некъахь дIакхелхинарг а шахIид ву, Iаьржа ун** (чума) **даьлла велларг а шахIид ву, чуьйна кхетта велларг а шахIид ву».** Ибн Микъсама (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Аса тоьшалла до хьан дас (Абу Солихьа) хIокху хьадисехь элира, аьлла: **«Хи буха вахана велларг а шахIид ву».** *Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгаладина Исламехь шахIидийн долу дакъош. Уьш АллахIан некъахь эгнарш я массо а адамна кхетта Iаьржа ун санна йолу цамгар бахьана долуш кхелхинарш а, я хи буха бахана белларш а бу. Царна хир бу Веза-Сийлахьчу АллахIера боккха мела а, лекха даржаш а, уьш иза ловш мел бу а, АллахIан дуьхьа иза ловш цара са мел туху а.

**Хаттар:** Хьан да-нана дийна дуй?

**Жоп:** Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьа стаг веара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, шена гIазоте ваха пурба доьхуш. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«Хьан да-нана дийна дуй?»** Цуо жоп делира: **«ХIаъ, ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цу шингахь** (и шиъ кхабарца) **гIазот де».** *Бухари.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдо, шен да-нана кхабар, цаьршиннан гIуллакхе хьажар а массо хIуманал коьрта хилар.

**Хаттар:** Йеменехь гергара цхьа а вуй хьан?

**Жоп:** Йеменера цхьа стаг веанера, Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гӀазоте ваха. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттинера: **«Йеменехь гергара цхьа а вуй хьан?»** Цо элира: **«Сан дай-наний ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цаьршимма пурба деллий хьуна?»** Цо элира: **«ХӀан-хӀа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Вало, и шиъ долчу а гӀой, цаьршинга пурба деха. Нагахь цаьршимма пурба лахь, гӀазот де, ца лахь, цаьршинна муьтӀахь хила».** *Абу Давуд.*

«Цхьа стаг веара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, гӀазот дан цунах дагавала. ТӀаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Нана юй хьан?»** Цо элира: **«ХӀаъ, ю».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цунна уллора дӀа ма вала, ялсамани цуьнан когаш кӀелахь ю хьуна».** *Насаи.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) оцу стаге дегара а, ненера а пурба даккха, аьлла. Нагахь санна цаьршимма пурба ца лахь, цунна тӀехь ду цаьршинца цӀахь Ӏар а, цаьршинна муьтӀахь хилар а, и шиъ ларар а, цаьршинца кӀеда-мерза хилар а.

### Шаьш догъэцначарна даьхница хӀума ялар

**Хаттар:** Шуьца (шу доцург) кхин цхьа а вуй?

**Жоп:** Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ансараш схьа а гулбина, элира, аьлла: **«Шуьца кхин цхьа а вуй?»** Цара элира: **«ХӀан-хӀа, тхан йишин кӀант воцург, цхьа а вац».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Йишин кӀант царах ма ву».** Цо элира: **«Баккъалла а, къурайшаш хӀинц-хӀинца жехӀил заманах а, баланех а хьалхабевлла ма бу. Суна царна гӀо дан а, догъэца а лиира».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шуна ца лаьа, нах, дуьне а эцна, бухаберза, амма шу Делан Элча** а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **вуьгуш хӀусамашка** (цӀа) **дерза. Шуьйрачу аренгахула нах дӀабахча, ансараш лаьмнийн новкъахула дӀабахча, мел хала делахь а, ансараш дӀабаханчу лаьмнийн новкъа дӀагӀур ма вара со».** *Бухари, Муслим.*

**Пайда:** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ансарашка шен (кхачам боллуш болу) безам гучубаьккхина. Цо царна бакъо а

елла къурайшийн догъэца (царах цхьанна хIума яларца) – Ислам тIедале царна хилла бала а, уьш байар а, кхийолу халонаш а бахьана долуш.

**УьссалгIа дакъа**

**Зудаялор**

**Яло захало дуьйцучуьнга хьажар**

**Хаттар:** Хьо хьаьжний цуьнга?

**Жоп:** Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчохь вара. ТIаккха иза волчу цхьа стаг веара. Цо Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцира, ша ансарех цхьа зуда ялош ю, аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга хаьттира: **«Хьо хьаьжний цуьнга?»** Цо элира: **«ХIан-хIа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Вало, хьажа цуьнга. Оцу ансарийн зударийн бIаьргашкахь цхьа хIума хуьлу хьуна».** *Муслим.*

**Пайда:** Цхьана стага ансарийн зударех зуда яло захало хьахийнера. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга аьллера, хьажа цуьнга, ансарийн бIаьргашкахь я жималла, я сийналла хуьлу хьуна. Цо гойту, хьехар дарехь и санна долу сибаташ дийца мегаш хилар.

**Урдо**

**Хаттар:** Аса хьайга хьенех яийтича, реза хир варий хьо?

**Жоп:** Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьана стаге элира, аьлла: **«Аса хьайга хьенех яийтича, реза хир варий хьо?»** Цо элира: **«ХIаъ».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьана зудчуьнга а элира: **«Хьо реза хир ярий, аса хьо хьенехе яхийтича?»** Цо элира: **«ХIаъ».** Цо и шиъ цхьаьнатуьйхира. Цу стеган цуьнца майрачун а, зудчун а хуьлу бакъонаш а хилира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цу зудчунна урдо далар тIе а ца диллира, я цо цунна хIумма яла а ца елира. И стаг Хьудайбият-гIазотехь хилла вара. Хьудайбият-гIазотехь, Хайбар-гIазотехь хиллачунна луш хIонсан дакъа хилла. Ша валарна чувирзича, цо аьллера: **«АллахIан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **соьга хьенех яийтира, цо суна цунна урдо далар тIе а ца**

**дожийра. Аса цунна хIумма а ца елира. Аса шу тоьшаллина хIиттадо, Хайбар-гIазотехь хиллачу сан хIонсах долу дакъа, цунна догIучу урдох аса дIаделла, аьлла. Цо и сан дакъа схьа а эцна, бIе эзарнах дIа а ма доьхкира».** *Абу Давуд.*

**Пайда:** Сийлахьчу хьадисах пайдаоьцу вай, урдон метта зудчунна кхин хIума яла мегаш ду аьлла, Iамиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) иза ма-дарра. Хьадисо гойту, махбар мегаш хилийта урдо хьахадар важиб цахилар (мах бечу хенахь урдо ца хьахийча а, мах кхочушхилар), ша далар и важиб далахь а. Амма мазхIабийн цу хьокъехь къовсам болу дела, иза хьахор суннат ду. Иштта майра а, зуда а реза хилийта а ду иза.

## ЙоI-стаг ялор суннат хилар

**Хаттар:** Зуда ялийний ахьа, хIай Джабир?

**Жоп:** IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина: «Сан да веллера, ворхI я исс йоI бухахь а юьтуш. ТIаккха аса, марехь а хилла цIа еана йолу, цхьа зуда ялийра. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) соьга элира: **«Зуда ялийний ахьа, хIай Джабир?»** Аса элира: **«ХIаъ».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ЙоI-стаг ю иза я жеро ю?»** Аса элира: **«ХIаъ, жеро ю».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ЙоI-стаг ялийнехьара ахьа: ахьа иза а ловзо, цо хьо а ловзо, ахьа иза а хьаста, цо хьо а хьаста».** Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ТIаккха аса цуьнга элира: «Сан да IабдуллахI велла, йоIарий бухахь а буьтуш. Уьш санна жима ерг царна тIе яло ца лиира суна. Церан дола а дийр долуш, уьш нисбийр болу зуда ялийра аса».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«АллахIа беркат дойла хьуна».** *Бухари.*

**Пайда:** Стага йоI-стаг ялор суннат ду. Амма цаторийла елахь я пайден делахь, жеро ялор а ду дика.

## Дика зуда

**Хаттар:** Зуда ца ялийна ахьа?

**Жоп:** Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Аса зуда ялийра. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) соьга хьаьттира: **«Зуда ца ялийна ахьа?»** Аса жоп делира: **«ХIаъ».** Делан Элчано

(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ЙоI-стаг ю иза я жеро ю?»** Аса жоп делира: **«Жеро ю».** Цо элира: **«ЙоI-стегарий а, церан ловзарш а гIоле ма дара хьуна».** Аса элира: **«ХIай Делан Элча, сан да IабдуллахI велла, ворхI я исс йоI бухахь а юьтуш. Церан дола дендерг а ялийна-кх аса».** Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ТIаккха Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**, суна Деле диканиг доьхуш, доIа дира».** *Бухари.*

**Пайда:** Хьалхарчу хьадисан доллу маьIна ду кхузахь а. Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) шен цIийнан дукъ дIакхоьхьу долу а, шен йижарийн дола дийр долу а зуда ялийна. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цунна доIа дина, диканиг доьхуш, шена догIу дакъа кIел а дуьтуш, шен йижаршна гIолехь дерг цо хаьржина дела.

**Хаттар:** Цуьнан хьокъехь хIун олу аша?

**Жоп:** СахIла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьа стаг Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уллохула а ваьлла, дIаваханера. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттинера: **«Цуьнан хьокъехь хIун олу аша?»** Асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна) элира: **«Бакъ ду-кх: захало тIедахьийтахь, цуьнга зуда йоуьйтург хилар а; гIо доккхуш юкъавалахь, къобал вийриг хилар а; вистхилахь, цуьнга ладугIург хилар а».** ТIаккха цунна уллохула ваьлла дIавахара бусалба нахах волу цхьа миска стаг. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цуьнан хьокъехь хIун олу аша?»** Асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна) элира: **«Бакъ ду-кх: захало тIедахьийтахь, цуьнга зуда йоуьйтург ца хилар а; гIо даккха юкъавалахь, иза къобалвийриг ца хилар а; вистхилахь, цуьнга ладугIург ца хилар а».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«И мисканиг дика ма ву, латта дуьззина и санна болчу хьоладайл а».** *Бухари.*

**Пайда:** Хьалхарчун даше ла а дугIу, цуьнан дехар кхочуш а до, цуьнан бахам бахьана долуш. ШолгIаниг ву Суракъатан кIант Джамил. Цуьнан къоьлла бахьана долуш, цуьнан даше ла ца дугIу, цуьнан дехар кхочуш а ца до. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«И миска дика стаг АллахIна гергахь веза ма ву, латта дузаран барамехь болчу хьоладайл а».** Стеган мах хадор бахамца доьзна дац. Баккъалла а, стеган мах хадор АллахIан аятехь ма-дарра ду: **«Баккъалла а, шух уггар сийлахь-везаниг – шух АллахIах алсам кхоьрург ву».**

**Зудчо шен майра резавар а, иза цунна муьтӀахь хилар а**

**Хаттар:** Майра волуш юй хьо?

**Жоп:** Мухьсинан кӀанта Хьусайна (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, шен дейиша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу еара, аьлла. ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«Майра волуш юй хьо?»** Цо элира: **«Ю».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«МуьтӀахь хуьлий хьо цунна?»** Цо элира: **«Сайн ницкъ кхочург-м до аса».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьо цунна муьтӀахь-м муха хир яцара, иза хьан ялсамани я жоьжахати ма ю».** *Ахьмад, Насаи, Хьаким.*

**Пайда:** Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) лиъна, зуда шен майрачунна муьтӀахь хилар важиб хилар билгалдан. Цо Хьусайнан ден йише, иза шен майрачуьнца муха хьолехь хуьлу аьлла, хьаттинчу хенахь, цо жоп делла: **«Ша цунна муьтӀахь а хуьлу, шен ницкъ ма-кхоччу цунна гӀуллакх а до».** Хьадисехь ду: майра резавар а, цунна муьтӀахь хилар а, цуьнца дог декхаделла хилар а – АллахӀ резаваре, Цуьнан ниӀматашка кхачаре а сатийсар ду. Баккъалла а, майрачунна муьтӀахь хилар а я цунна муьтӀахь ца хилар а ма ду зуда ялсамане я жоьжахате яхийта бахьана.

**Нанас вакхийна ваша** (йиша) **хуьлу, мацаллина вакхийнехь**

**Хаттар:** ХӀай Ӏаишат, мила ву хӀара?

**Жоп:** Ӏаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со йолчохь цхьа стаг а волуш, со йолчу веара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Цо элира: **«ХӀай Ӏаишат, мила ву хӀара?»** Аса элира: **«Нанас вакхийна ваша ву».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХӀай Ӏаишат, шайн вежарий муьлхарш бу хьажа. Нанас вакхийна ваша хуьлу хьуна, мацаллина вакхийнехь».** *Бухари.*

**Пайда:** Шун ненан шура мел мелларг, шун ваша вац. Иза нанас вакхийна ваша хиларан биллам бу, мацвелла вакхийна хилар. Аьлча а, шарӀехь хьан гергара а лоруш, нанас вакхийна ваша (йиша) хилар ду, дегӀ чӀагӀдан а, мацалла дӀаяккха а хилларг. Иза хуьлу, жима бер долуш, цуьнан ши шо кхачале пхоьазза вакхийнехь.

Вайн тIаьххьара кхайкхам – Веза-Сийлахьчу АллахIна хастамбар ду.

Составитель – Салман Насыф Дахдух
Переводчик – Хатаев Руслан Хизриевич
Рецензенты – М.Р. Эдихаджиев, С.Р. Магамедов

Редактор – А.А.Гайтукаев
Техн. редактор – А.А.Гайтукаев
Верстка – З.А.Махадаев
Дизайн – З.А.Байтуев
Подписано в печать 28.04.2010 г.
Тираж 2000 экз.